



Teks Cerita wayang

Jeneng :

Kelas :

Teks Cerita Wayang

Teks crita wayang iku salah siji jenis teks narasi ing basa Jawa sing isiné nyritakaké lelakon utawa crita para tokoh wayang. Crita iki biasane dijupuk saka epos Mahabharata lan Ramayana, nanging wis diadaptasi karo budaya Jawa.

Guna cerita wayang

- Ngglestarèkaké budaya Jawa: Wayang iku salah siji warisan budaya.
- Mènèhi piwulang: Ana nilai-nilai moral kaya kabecikan, welas asih, lan pengabdian.
- Ngajaraké filosofi urip Jawa: Kayata konsep sabar, nrima, lan gotong royong.

Ukara Tanduk lan Ukara Tanggap

Ukara tanduk yaiku unen-unen utawa kalimat sing nindakaké pitakon utawa perintah, yaiku ukara kang ndadèkaké tanggapan utawa respon saka lawan tutur. Ukara tanggap yaiku unen-unen utawa kalimat kang digawe kanggo nanggapi ukara tanduk. Tanggapan iki bisa wujud jawaban, tanggapan setuju, ora setuju, penjelasan, utawa sikap marang ukara tanduk sadurungé.

Guna ukara Tanduk lan Ukara Tanggap

- Nglancarake komunikasi dua arah: ana saling keterlibatan.
- Ndukung interaksi sosial: nuduhaké kepedulian, kepinginan ngerti, lan tanggung jawab.
- Ngembangaké basa Jawa lisan lan tulisan kanthi luwih sopan lan tertib.

“Bima Suci”



Werkudara utawa Bima iku sawijining tokoh Pandhawa sing dikenal gagah lan jujur. Ing crita Bima Suci, dheweke nglakoni lelakon suci kanggo golek kesempurnaan jiwa. Sanajan kudu ngadhepi akeh tantangan, Werkudara tetep setya marang piwulang guruné lan ora gampang kagoda. Kesetiaané marang sedulure lan tekadé nggolèki kesucian nuduhaké watak luhur sing pantes ditiru.

- Werkudara nggolek kesempurnaan urip mung nganggo kekuwatan otot. (Benar / Salah)
- Ing lelakon Bima Suci, Werkudara tetep setya marang piwulang guruné. (Benar / Salah)

“sengkuni lan duryudana”



Sengkuni iku pakdhene Duryudana sing nduwèni sifat licik lan tukang adu domba. Dheweke sering ngowahi pendapat lan nggunakake akale kanggo njebak Pandhawa. Nalika dolanan dhadhu, Sengkuni dadi wakil Kurawa lan ngalahaké Yudistira kanthi curang. Akibaté, Pandhawa kelangan kraton lan Drupadi direndhem martabaté.

- Sengkuni dadi pahlawan ing crita dolanan dhadhu. (Benar / Salah)
- Duryudana lan Sengkuni bebarengan njebak Pandhawa liwat dolanan dhadhu. (Benar / Salah)

“Bima Suci”



Crita wayang ora mung nyuguhake hiburan, nanging uga nggawa piwulang. Tokoh-tokoh kaya Yudistira, Bima, lan Arjuna nglambangaké nilai kejujuran, kesabaran, lan tekad. Ing perang Bharatayudha, Yudistira tetep njunjung kautaman lan ora gelem tumindak curang, sanajan ngadhepi musuh kang kejem. Amanat kaya iki penting kanggo nglembakake budi pekerti ing urip saben dina.

- Crita wayang mung digawe kanggo pentas hiburan tanpa ana piwulang moral. (Benar / Salah)
- Yudistira dadi conto tokoh sing ngajari kejujuran lan moralitas. (Benar / Salah)

Jodhone gambar wayang lan andharan ngenani
ngengingi wayang kasebut kanthi pener!



Lemah lembut, ahli
mikir lan pinter



Dadi simbol kejujuran
lan kekuwatan



Satriya bijaksana,
jujur lan sabar



Setya, tabah, lan
dihina Kurawa

Arjuna

Drupadi

Yudistira

Werkudara/Bima

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi pener !

Jelaskan amanat moral apa sing bisa dijupuk saka crita Pandhawa Dadu, lan apa hubungané karo kahanan masyarakat saiki?
wangsulun :

Bandhingna sipat Arjuna lan Werkudara, banjur jelaskan kapan sipat-sipat kasebut bisa ditrapake ing urip nyata!
wangsulun :

Delengen crita Pandhawa Dadu. Jelaskna urutan alure miturut alur maju (kronologis) saka wiwitan nganti pungkasan!
wangsulun :

Gawe dialog cekak antarane dua tokoh wayang kang nuduhaké ukara tanduk lan ukara tanggap sing trep karo karakteré!
wangsulun :

Yen kowe ana ing posisi Yudistira sing diakali karo Kurawa, kepiye cara kowe ngadhepi kahanan kasebut kanthi jujur lan sabar?
wangsulun :

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi pener !

Analisisen ukara-ukara tanduk lan ukara tanggap sing ana ing bagian nalika Kresna nylametake Drupadi saka dilucuti sandhangane. Tulis paling ora siji ukara tanduk lan siji ukara tanggap, lan jelaskna fungsi ukara kuwi ing konteks crita.

wangsulan :

Tulisen siji ukara tanduk lan siji ukara tanggap adhedhasar adegan nalika Arjuna mbantu Pangeran Uttara ing perang nglawan Kurawa.

wangsulan :

Evaluasilah tindakan Yudistira nalika nampa tantangan dolanan dhadhu saka Kurawa. Apa tumindake kasebut bisa dianggep minangka kesalahan moral? Gunakna ukara tanggap kanggo ngandharake pendapatmu.
wangsulane :

Tulisen ukara tanggap sing sopan kanggo nolak ajakan dolanan dhadhu saka Duryudana, seandhuwene kowe dadi Yudistira.
wangsulane :

Gawenana dialog cekak (2-3 ukara) antarane Bima lan Hanuman nalika ketemu ing alas, kang ngandhut ukara tanduk lan ukara tanggap, lan nuduhake rasa sopan lan kekancan.

wangsulan :

Tulisen ukara tanduk sing bisa diucapake dening Arjuna marang Dewa Siwa nalika njaluk gaman Pasopati.

wangsulan :